# Фархат Алламбергенов – Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры лаўазымына тайынланды

Image not found or type unknown

Усы жыл 8-июнь күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезексиз бесинши сессиясы болып өтти.

Сессияға Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты ағзалары, Өзбекстан Республикасы Бас Прокуроры, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарлары, сондай-ақ министрликлердиң, мәкеме ҳәм кәрханалардың, ҳуқық қорғаў уйымларының басшылары ҳәмде ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери қатнасты.

Сессияны Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Ерниязов кирис сөз бенен ашты ҳәм басқарып барды.

Сессияның күн тәртибине муўапық шөлкемлестириў мәселеси, яғный «Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры туўралы» мәселе көрип шығылды.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясы, 10-бәнтине муўапық Өзбекстан Республикасы Бас Прокурорының келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры лаўазымына усы күнге шекем Тақыятас районы ҳәкими лаўазымында ислеп келген Алламбергенов Фархат Ембергеновичтиң кандидатурасы усыныс етилди ҳәм оның өмирбаяны менен таныстырылды.
Усынылған талабанды Өзбекстан Республикасы Бас Прокуроры Н.Йўлдошев, бир қатар депутатлар ҳәм сессия қатнасыўшылары қоллап-қуўатлап шығып сөйледи.

Сессияда Алламбергенов Фархат Ембергенович Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры лаўазымына тастыйықланды.

Ф.Е.Алламбергенов мийнет жолын 1994-жылы Нөкис қалалық судының суд орынлаўшысы болып ислеўден баслаған. Буннан соң Прокуратура органларында ҳәр қыйлы лаўазымларда жумыс алып барған. Елликқала, Төрткүл, Әмиўдәрья районлары ҳәм Тақыятас қаласы, сондай-ақ Арал тәбиятты қорғаў Прокуроры лаўазымларында ислеген.

2017-жыл, 14-августтан баслап Тақыятас районы ҳәкими лаўазымында жумыс алып барған.

Мағлыўмат ушын, Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры лаўазымында ислеп келген Хидир Каримов басқа жумысқа өтиўине байланыслы ийелеп турған лаўазымынан босатылған еди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети